

### BAB III

## MÉTODE JEUNG TÉHNIK PANALUNGTIKAN

### 3.1. Méthode Panalungtikan jeung Tehnik Ngumpulkeun Data

#### 3.1.1. Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta Méthode déskriptif korélasional. Méthode déskriptif atawa méthode survéy nya éta ngumpulkeun data saloba-lobana ngeunaan faktor-faktor nu ngarojong kana fakta-fakta nu satuluyna nganalisis faktor-faktor éta. Méthode déskriptif miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun, ngagambarkeun sacara sistematis, faktual, jeung akurat ngeunaan basa nu digunakeun di lingkungan kulawarga dina wangun paguneman.

Méthode korélasional nya éta Méthode anu digunakeun pikeun nalungtik (ngajéntrékeun) korélasi atawa hubungan antara dua variabel atawa leuwih. Pikeun ngitung gedéna korélasi ngagunakeun statistik. Téhnik statistik ieu digunakeun pikeun ngitung antara dua variabel atawa leuwih ku cara ngagunakeun korélasi non paramétrik atawa korélasi kontingénsi kalawan

ngagunakeun rumus  $C = \sqrt{\frac{X^2}{N + X^2}}$ , samemeh ngitung korelasi baris diteangan

$$\text{nilei } X^2 = \sum_{i=1}^r \sum_{j=1}^k \frac{(O_{ij} - E_{ij})^2}{E_{ij}}$$

(Sudrajat, 1985:204)


Pikeun ngainterprésasikeun koéfisién korélasi, Arikunto (2002 :245) méré interpretasi saperti di handap ieu :

Tabel 3.1.


## INTERPRÉTASI NILÉI "r"

R	Interprétasi
0,800 nepi ka 1,00	luhur
0,600 nepi ka 0,800	cukup
0,400 nepi ka 0,600	Rada handap
0,200 nepi ka 0,0400	cukup
0,000 nepi ka 0,200	Handap pisan teu aya korélasi


Sangkan leuwih jéntré baris digambarkeun arah atawa bentuk korélasi kasajajaran.



Saumpama titik mangrupa garis lempeng éta nuduhkeun ayana korélasi luhur positif. Hartina aya hubungan anu kuat antara dua variabel anu dikorélasikeun.



Korélasi negatif nuduhkeun hubungan anu patukang tonggong arahna, sabab nuduhkeun beuki luhur peunteun Y, mangka peunteun X beuki handap.



Teu aya korélasi

(Arikunto, 2002 : 246)

### 3.1.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Sangkan variabel dina ieu panalungtikan tiasa kauji, mangka dina panalungtikan ieu nu nulis meunangkeun data sarta ngumpulkeun data ngeunaan basa nu digunakeun di lingkungan kulawarga siswa sarta hubunganana kana kamampuh nyarita basa Sunda siswa di SMP YPI Cikonéng. Pikeun meunangkeun data nu nalungtik ngagunakeun Téhnik di antarana:

1. Téhnik tés\lisan (perbuatan), Téhnik ieu mangrupa cara anu digunakeun dina ngumpulkeun data panalungtikan kujalan nyaksian sakabéh kajadian dina prosés diajar ngajar nu dilakukeun ku siswa. Téhnik ieu dipaké pikeun méré ajen ka siswa kana kamampuh nyarita basa Sunda. Siswa dibéré kasempetan pikeun mintonkeun kamampuhna dina nyarita wangun paguneman. Unggal siswa anu jadi sampel dina panalungtikan ieu meunang panitén jeung pangajén luyu jeung padoman anu digunakeun pikeun nangtukeun skór idéal unggal siswa.
2. Téhnik Angkét, Téhnik ieu digunakeun pikeun meunangkeun data variabel basa anu digunakeun di lingkungan kulawarga, Téhnik ieu digunakeun sacara singget pikeun meunangkeun data sarta dijieun dina wangun patalékan-patalékan anu geus disadiakeun jawaban, sahingga réspodén tingal milih jawabanana ku cara dicakra (x).

### 3.2 Definisi Operasional

Sangkan teu nimbulkeun pamahaman anu béda dina judul panalungtikan ieu, ku kituna baris dirumuskeun saperti di handap ieu :

- 1) Korélasi : nya éta hubungan dua variabel antara pangaruh lingkungan kulawarga (x), jeung variabel kamampuh siswa dina nyarita basa Sunda (y) ditilik tina lafalna, wangun, lentong, undak usuk basana, katut anu aya patalina jeung non kabasaan saperti pasemon, kawani, jeung gerak gerikna.
- 2) Basa di Lingkungan Kulawarga, nya éta basa anu digunakeun dina kahirupan sapopoéna pikeun interaksi (komunikasi) antar anggota kulawargana, boh kulawarga inti (indung, bapa, lanceuk), atawa kulawarga nu aya patalina jeung hubungan darah.
- 3) Kamampuh Nyarita, mangrupa kaparigelan siswa dina nyarita wangun paguneman kalawan bener lafalna, lentong, wangun, jeung undak usuk basana.

### 3.3 Populasi jeung Sampel

#### 3.3.1 Populasi

Populasi nya éta sakabéh subjék panalungtikan (Arikunto, 1997 :108) Populasi dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas VII SMP YPI Cikonéng. Jumlah siswa kelas VII SMP YPI Cikonéng lobana aya 166 siswa, anu kabagi jadi opat kelas, Kelas VII a jumlahna 40 siswa, VII b jumlahna 48 siswa, VII c 38 siswa, jeung VII d 40 siswa.

### 3.3.2 Sampel

Sampel nya éta sabagian/wakil tina populasi anu rék ditalungtik (Arikunto, 1997:109). Dina nangtukeun jumlah sampel, nu nulis nyoko kana pamadegan Arikunto nya éta saupama subjékna kurang ti 100 mangka panalungtikan anu dicandak sakabéh populasi. Sedengkeun saupama jumlah subjékna seueur bisa dicandak antara 10-15% atawa 20-25% atawa leuwih gumantung kana kamampuh nu nalungtik.

Dumasar kana pamadegan di luhur, mangka dina panalungtikan ieu nu nalungtik nyandak sampel 20% tina sadaya populasi, nya éta  $(20 \times 166) : 100 = 33,2$  dibuleudkeun jadi 33.

### 3.4 Intrumén Panalungtikan

Intrumén panalungtikan nya éta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku nu nalungtik dina ngumpulkeun data sangkan ngababarikeun nu nalungtik, sarta hasilna leuwih hadé, lengkep, taliti, sistematis sahingga babari dina ngolahna (Arikunto, 1997 :136).

Aya sababaraha prosedur anu kudu dilaksanakeun dina nyusun Intrumén diantarana :

1. Perencanaan, ngawengku ngarumuskeun tujuan, nangtukeun variabel, katégorisasi variabel
2. Ngalengkepan Intrumén kujalan masihan pituduh dina ngerjakeun jsb.
3. Uji coba
4. Nganalisis hasil data
5. Ngayakeun révisi.

Intrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan mangrupa angkét dina wangun sababaraha patalékan. Kolot siswa ditugaskeun pikeun ngajawab sababaraha patalékan ku cara milih jawaban nu geus nyampak. Jumlah patalékan anu ditujukeun variabel X sakabéhna aya 21 butir.

Intrumén ieu digunakeun pikeun meunangkeun data variabel ngeunaan korélasi antara basa nu dipaké di lingkungan kulawarga kana kamampuh siswa dina nyarita basa Sunda.

### **3.5 Prosedur Ngumpulkeun Data**

Kegiatan ngumpulkeun data ngaliwatan léngkah-léngkah saperti di handap ieu :

#### **1. Tahap sasadiaan ngumpulkeun data**

- a ngalaksanakeun survéy ngeunaan kaayaan jumlah populasi pikeun nangtukeun jumlah sampel
- b nyadiakeun alat Intrumén pikeun meunangkeun data, diantarana méré niléi paguneman jeung méré skor angkét
- c nyadiakeun alat rekaman mangrupa tape recorder jeung kaset pikeun ngarékam sadaya paguneman anu dipintonkeun ku siswa.
- d Ngocok anggota sampel pikeun nangtukeun subjék panalungtikan.

## 2. Tahap Prak-prakan Ngumpulkeun Data

- a Ngajéntrékeun cara-cara ngeusian angkét sarta ngabagikeun lambaran angkét kaunggal anggota sampel.
- b Ngajéntrékeun prak-prakan dina nyieun paguneman.
- c Siswa dibéré waktu 15 menit pikeun mintonkeun paguneman.
- d Unggal siswa mintonkeun paguneman di hareupeun kelas luyu jeung nomor urut anu geus ditangtukeun.
- e Ngarékam paguneman unggal subjék panalungtikan. Nu nalungtik méré ajén ka unggal subjék, dumasar kana paktor-paktor anu patalina jeung non kabasaan.
- f Nyalin/nanskrip unggal rékaman subjék panalungtikan, luyu jeung nomer urut sampel. Sarta masihan skor anu patalina jeung paktor-paktor kabasaan.

## 3. Prosedur Ngolah Data

Sabada data kakumpulkeun data diolah saperti di handap ieu:

1. Analisis basa nu digunakeun
  - a. ngasupkeun data angkét kana coding form
2. Analisis Kamampuh Nyarita
  - A. Méré ajén kaunggal siswa nu jadi sampel panalungtikan ku cara meunteun dina hal
    - I. Lafal
      - a Anu meunang peunteun 4 (opat) ucapan fonetisna écés, jéntré.
      - b Anu meunag peunteun 3 (tilu) ucapan fonétisna rada béntés.



- c. Anu meunang peunteun 2 (dua) ucapan fonétisna sakapeung béntés sakapeung henteu.
- d. Anu meunang peunteun 1 (hiji) ucapan fonetisna henteu béntés.

## II. Wangun

- a. Anu meunang peunteun 4 (opat) wanggun kalimahna luyu jeung fungsi-fungsi J/C/O/K
- b. Anu meunag peunteun 3 (tilu) wanggun kalimahna sawaréh luyu jeung fungsi-fungsi J/C/O/K
- c. Anu meunang peunteun 2 (dua) sakapeung luyu sakapeung henteu jaung fungsi-fungsi J/C/O/K.
- d. Anu meunang peunteun 1 (hiji) wangun kalimahna teu luyu.

## III. Lentong/Intonasi

- a. Anu meunang peunteun 4 (opat) merenah randeganana.
- b. Anu meunag peunteun 3 (tilu) rada merenah randeganana.
- c. Anu meunang peunteun 2 (dua) sakapeung merenah sakapeung henteu.
- d. meunang peunteun 1 (hiji) henteu merenah.

## IV. Undak-usuk basa

- a. Anu meunang peunteun 4 (opat) merenah dipakéna, luyu jeung situasi ngagunakeunana.
- b. Anu meunag peunteun 3 (tilu) rada merenah d ipakéna, luyu jeung situasi ngagunakeunana.

- c. Anu meunang peunteun 2 (dua) sakapeung merenah sakapeung henteu.
- d. meunang peunteun 1 (hiji) henteu merenah.

## B. Ngasupkeun kana skala 11

Tabel 3.2.

### KONVERSI ANGKA SKALA 11

Skala Sigma	Skala 1-11	Skala Angka
+2,25 SD )	10	Mean+(2,250 SD
+1,75 SD )	9	Mean +(1,75 )SD
+1,25SD )	8	Mean +(1,25)SD
+0,75 SD )	7	Mean +(0,75 )SD
+0,25 SD )	6	Mean +(0,25) SD
-0,25 SD )	5	Mean -(0,25 )SD
-0,75 SD )	4	Mean -(0,75) SD
-1,25SD )	3	Mean -(1,25)SD
-1,75 SD )	2	Mean -(1,75) SD
-2,25 SD )	1	Mean -(2,25) SD
	0	

- a. Ngitung standar déviiasi

$$SDI = \frac{1}{3}x MI$$

- b. Nangtukeun patokan kana skala 11

Tabel 3.3.

## PATOKAN SKALA SAPULUH

Tingkat penguasaan	Skala 10	Keterangan
96%-100%	10	Sempurna
86%-95%	9	Baik Sekali
76%-85%	8	Baik
66%-75%	7	Cukup
56%-65%	6	Sedang
46%-55%	5	Hampir Sedang
36%-45%	4	Kurang
26%-35%	3	Kurang Sekali
16%-25%	2	Buruk
0-15%	1	Buruk Sekali

C. Ngitung korélasi kalawan ngagunakeun rumus korélasi kontingénsi (non paramétrik) nya éta :

$$1. X^2 = \sum_{i=1}^r \sum_{j=1}^k \frac{(O_{ij} - E_{ij})^2}{E_{ij}}$$

$$2. C = \sqrt{\frac{X^2}{N + X^2}}$$

(Sudradjat, 1985 :204)

Dina ieu panalungtikan aya 18 variabel anu dikorélasikeun nya éta:

1. Atikan terakhir bapa jeung kamampuh nyarita.
2. Atikan terakhir indung jeung kamampuh nyarita
3. Pakasaban bapa jeung kamampuh nyarita
4. Pakasaban Indung jeung kamampuh nyarita
5. Asal daerah bapa jeung kamampuh nyarita
6. Basa nu digunakeun waktu ngatik
7. Basa nu digunakeun waktu tuang jeung kamampuh nyarita
8. Basa nu digunakeun waktu maréntah jeung kamampuh nyarita
9. Basa nu digunakeun waktu nyaram jeung kamampuh nyarita
10. Basa nu digunakeun keur istirahat jeung kamampuh nyarita
11. Basa nu digunakeun keur ngadu'a jeung kamampuh nyarita
12. Basa nu digunakeun keur ngimpi jeung kamampuh nyarita
13. Basa nu digunakeun waktu di padamelan jeung kamampuh nyarita
14. Basa nu digunakeun waktu dina telepon jeung kamampuh nyarita
15. Basa nu digunakeun waktu nga-sms jeung kamampuh nyarita
16. Media informasi majalah /koran jeung kamampuh nyarita
17. Ngadangukeun radio jeung kamampuh nyarita
18. Nongton siaran TV basa Sunda

